

# SD NEGERI 2 KARANGANYAR

## LATIHAN ULANGAN KENAIKAN KELAS BAHASA JAWA KELAS 5 SEMESTER GENAP

I. Wenehana tanda ping (X) ana ing huruf A, B, C lan D sangarepe jawaban kang bener !

### *Wacan kanggo soal no 1-4*

Ing dhesa Dhadhapan ana mbak randha, mula katelah Mbok Randha Dhadhapan. Mbok Randha duwe anak wedok telu sing kesuwur ayu. Sing mbarep katelah Kleting Abang, sing nomer loro jenenge Kleting Ijo, dene sing wuragil Kleting Kuning.

Embuh apa sebabe Mbok Randha iku ora seneng karo anake sing wuragil. Beda karo mbakyu-mbakyune sing dipepaki sandhangan apik-apik. Dene Kleting Kuning diwenehi turahan wae. Ewa semana Kleting Kuning nurut bae apa ngendikane Ibune

1. Watake Mbok Randha yaiku ....  
A. adil                      B. pilih kasih                      C. culas                      D. angkara murka
2. Sing duwe watak nariman yaiku ....  
A. Kleting Abang      B. Kleting Ijo                      C. Kleting Kuning      D. Bango Thontong
3. Mbak Randha katelah Mbak Randha Dhadhapan amarga ....  
A. duwe wit dhadhapan                      C. seneng mangan dhadhap  
B. ambune wangi tur sedhep                      D. ana ing desa dhadhapan
4. Ringkesan sing bener saka crita dhuwur yaiku ....  
A. Mbak Randha duwe anak wedok telu nanging ora adil marang anake telu mau  
B. Mbak Randha luwih seneng yen anake ruju sregep nyambut gawe lan prasaja  
C. Mbak Randha nuturi anak-anake supaya urip prasaja lan seneng tetulung liyan  
D. Mbak Randha ora duwe anak mula kepingin duwe anak utamane wedok

### *Wacan kanggo soal no 5-6*

Saking ora kerumatan awake marga mung niyate ninggal keraton, awake Arya Bangsal dadi gudhigen lan gandane ora enak, amis. Mula, banjur katelah Jaka Budhug

5. Arya Bangsal awake kebak gudhig sebab awake ora ....  
A. dipakani                      B. tau ngombe                      C. tau ngombe                      D. cukup gizi
6. Ukara crita sing isine padha karo crita kasebut yaiku ....  
A. Jaka Budhug sejatine anak raja sing ninggalake kraton.  
B. Arya Bangsal ninggalake kraton sawise ditundhung ramane  
C. Jaka Budhug lan Arya Bangsal lunga bebarengan menyang kraton  
D. Awake Jaka Budhug dikebaki gudheg bisa mari sawise adus

### *Wacan kanggo soal no 7-9*


Ki Ageng Pandhanaran wis prasetya ing ngarsane Sunan Kalijaga. Dina iku arep budhal menyang Gunung Jabalkat, kang sabanjure katelah Gunung Tembayat. Nyi Pandhanaran, ya Nyi Rambawati, isih usreg karo mas picis raja brana, mula ora bareng

7. Ki Ageng Pandhanaran arep budhal menyang ....  
A. gunung Merbabu                      C. gunung Merapi  
B. gunung Jabalkat                      D. gunung Muria
8. Garwane Ki Ageng Pandhanaran yaiku ....  
A. Dewi Ramba                      B. Megawati                      C. Pujawati                      D. Rambawati

9. Tembung raja brana tegese ....  
 A. bandha donya      B. sanak kadhang      C. kewan ingonan      D. tangga teparo

**Wacan kanggo soal no 10-11**

Ing mangsa rendheng, lumrahe akeh udan lan panas. Kahanan kaya ngeniki asring nuwuhake lelara. Lelara ing mangsa rendheng iku rupa-rupa kayata pileg, watuk, gatel-gatel lan sak piturute.

10. Tema laporan ing dhuwur yaiku ....  
 A. banjir ing mangsa rendheng      C. panas ing mangsa ketiga  
 B. lelara ing mangsa rendheng      D. hama tikus wayah panen
11. Ukara tanggapan sing cocok kanggo perkara ing dhuwur yaiku ....  
 A. para warga mesti nyawisake obat lelara  
 B. dokter bakal seneng entuk pasien akeh  
 C. kudu njaga kasehatan ing mangsa udan  
 D. becike nggawe bendhungan sing amba
12.  Jkara sing bener kanggo nyritakake gunane barang iki yaiku ....  
 A. pirantine nggambar  
 B. pirantine gawa barang  
 C. pirantine wadhah buku  
 D. pirantine mulang
13. Wite jenenge damen, wohe kanggo pangan kang pokok, lumrahe ditandur ing sawah ana ing mangsa rendheng. Cita iki cocog kanggo nyritakake sing arane tanduran ....  
 A. kacang      B. jagung      C. tela      D. pari
14. Ngisor iki laporan kang ngemot kahanan ana ing omah yaiku ....  
 A. dina minggu esuk, Totok lan kanca-kancane menyang dhaerah pegunungan. Totok lan kanca-kancane dikancani Pak Sugi, bapake Totok.  
 B. saben tanggal 28 Oktober bangsa Indonesia mengeti dina Sumpah Pemuda. Dina iku mujudake dina kang ngemu wigati.  
 C. ing plataran omahe Eka sing ora patia jembar katon edhum. Sisih tengen plataran ana wite blimbing. Godhonge ijo royo-royo. Wohe pating grandhul  
 D. saben taun lumrahe ana udan. Yen udane deres banget lan terus-terusan, mesthi banjir. Anane banjir, temahan thukul lelara.
15. Barang sing biasa ana ing njero kelas ....  
 A. kipas angin      B. meja kursi      C. meja mangan      D. televisi
16. 10i, 6o, 10e, 10i, 6i, 6uiki cengkorongane tembang ....  
 A. mijil      B. pangkur      C. gambuh      D. kinanthi
17. Klompok tembang ngisor iki sing klebu tembang macapat yaiku ....  
 A. jaranan, lir-ilir, cublak suweng      C. wirangrong, balabak, jumengglung  
 B. mijil, pangkur, pocung, gambuh      D. lir-ilir, pocung, pangkur, jaranan
18. msSugtembung iki diwaca ....  
 A. mas sugi      B. dik sugi      C. pak budi      D. nak budi
19. k-aimhmufimul=zjim]n[m][nukara kuwi wacanane ....  
 A. Wa Kreta rengeng-rengeng ing ngarep omah  
 B. Pak Badri teku wedhus ing pasar senin esuk mau  
 C. Kyai Mahmudi mulang ngaji mrana mrene

- D. Ustad Soleh seneng golek tambah ngelmu
20. Sing diwaca “dikrangkeng” yaiku ....  
 A. fi[b=]o[s=o]      B. fis]w=uzi      C. k=][k=[a      D. fik=][k=
21. Sing diwaca “wit jambu” yaiku ....  
 A. witJmB]      B. wisMri      C. witPri      D. wisFfi
22. Manuk Rajawali njaluk supaya manuk Dara diulungake arep dimangsa. Nanging Prabu Usinara ora menhake, kersane arep diijoli daginge Prabu Usinara. Rajawali gelem menawa daginge Prabu usinara timbangane padha karo bobote manuk Dara. Prabu Usinara watake ....  
 A. sabar      B. sopan santun      C. welas asih      D. kurang duga

**wacan kanggo soal no 23-25**

Raden Rangga nakonake tujuwane wong urip lan piye nasibe Raden Rangga. Jalaran ditakoni meneng wae, Sang Atapa ditendhang tiba nglumah. Sadurunge tumekaning pati, Sang Atapa mangsuli lan sepata. Tujuwane wong urip iku bekti lan ngawula marang Gustine, lan menawa ing Mataram ana ula gedhe gawe geger iku sing bakal mateni Raden Rangga.

23. Atapa sepata yen Raden Rangga bakal ....  
 A. mati dipateni dening wong tuwane dhewe  
 B. sengsara selawase urip lan bakal mati isih enom  
 C. mati nalika ana ula gedhe ngamuk ana ing Mataram  
 D. nemu kacilakan nalika ana ontran-ontran ing Mataram
24. Atapa .... Raden Rangga nganti tumekaning pati.  
 A. ditendhang      B. koktendhang      C. daktendhang      D. nendhang
25. Tembung “sepata” tegese ....  
 A. nyumpahi      B. njajekake      C. ngramalake      D. ngandakake
26. Piranti omong-omongan saka jarak adoh yaiku ....  
 A. surat      B. telegram      C. komputer      D. telepon

**wacan kanggo soal no 27-29**

Lairmu babarmu  
 Tinuntun kawah  
 Abantal embing-embing  
 Ora sepiraa  
 Alambar ludira  
 Totohane nyawa  
 Awit wohing sutresna

27. Manut ujude, karangan ndhuwur arane ....  
 A. prosa      B. geguritan      C. tembang      D. cangkriman
28. Karangan ing dhuwur nyritakake ....  
 A. matine bayi      B. turune bayi      C. openane bayi      D. lahire bayi
29. Ukara sing isine padha geguritan ndhuwur yaiku ....  
 A. rekasane nglahirake bayi kuwi nganti notohke nyawa  
 B. sanadyan rekasa yen kanthi rasa seneng dadi ora krasa  
 C. bayi kuwi wiji katresnane ibu marang wong tuwane  
 D. wis dadi kewajibane anak kudu bekti marang wong tuwa

**wacan kanggo soal no 30-31**

....  
Jeneng panggon : Bengkel Surya Motor  
Alamat : Jl. Raya Pati-Gabus km.05  
Wektu pengamatan : Kamis, 12 Januari 2011

Bab sing diamati:

- Jam kerja : - bukak : 08.00 WIB,  
- tutup : 16.00 WIB
- Cacahe tenaga : - 2 montir, - 1 kasir
- Cara nyambut gawe

Pelanggan sing arep nyerviske motor daftar ana ing kasir luwih ndhisik lan njupuk nomor antrian. Yen wis tekan giliran antriane motor lagi dipasrahake marang montir. Nalika ana kerusakan, montir bakal matur karo pelanggane kareben diganti. Sawise rampung didandani, pelanggan lagi rikiran karo kasir lan mbayar ongkose.

Pati, 15 Januari 2012

Penulis

30. Judul sing cocok kanggo laporan kasebut yaiku ....  
A. Laporan Bengkel Surya Motor  
B. Laporan Pengamatan ing Bengkel  
C. Laporan Carane Kerja ing Bengkel  
D. Laporan Kerja Magang ing Bengkel
31. Wektu nganakake pengamatan tanggal ....  
A. 15 Januari 2011  
B. 13 Januari 2011  
C. 12 Januari 2011  
D. 11 Januari 2011
32. Laporan ditulis kanthi jujur, tegese ....  
A. ana buktine sing palsu  
B. bisa digawe karangan  
C. gampang dipahami  
D. padha karo kasunyatanane
33. Wawan seneng mangan tempe. Yen ditulis Jawa ....  
A. wwnSene= mz[nTm[P  
B. sugikSen= mznHpem\  
C. pk/Kt [folnSiimBh  
D. [tm[P [go[r= [ank\  
34. Pak Sugi takon aku kapan bapak bali. Yen ditulis Jawa ....  
A. msSugit[konHkukpnHkubli  
B. pkSugit[konHkukpnBpkBli  
C. pkJyfitinfFkSurbynitihsepu/  
D. msSulixpeMv= [r[n m\_[ko [so[r  
35. Para suporter bal-balan ngamuk ngrusak stadion bareng regu jagoane kalah. Ukara tanggapane sing cocok ....  
A. kedahipun tim jagonipun mau mboten tumut tandhing, dados mboten kawon  
B. sampun limrah menawi suporter menika nesu awit jagonipun kawon  
C. para suporter kedahipun saged ngleng-gana nampi kawonipun jagonipun  
D. tandhing bal-balan saenipun dipunicali kemawon kersanipun mboten geheran

## II. Isinana titik-titik ngisor iki kanthi jawaban kang bener !

36. Rawa Pening iku dununge ana ing propinsi ....
37. Laporan sing apik iku nggunakake basa sing ....
38. Yen rame dhewe nalika diterangake Pak Guru mengko ora bisa ... yen ana tugas.
39. Alat telekomunikasi, wujud praktis bisa digawa lunga-lunga, ora mbutuhake kabel amarga migunakake sinyal saka satelit. Alat sing dikarepake yaiku ....

40. sumPh pemud diwaca ....
41. “Nonton wayang” yen ditulis Jawa ....
42. Prabu Usinara kuwi ratu ing nagara ....
43. Kedahipun murid punika sregep anggenipun ....
44. Cacahing wanda (kecap) saben salarik ing tembang diarani ....
45. Panembahan Senopati iku raja ing kerajaan ....

**III. Jawaben kanthi bener !**

46. Wenehana tanggapanmu nganggo basa krama nalika kowe weruh ana bocah sing ora bisa sekolah amarga kudu ngrewangi bapake nyambut gawe golek dhuwit !

Jawab : .....

.....

47. Piye wacanane tulisan Jawa ing ngisor iki !

ausTf[So[IMfFijulukik ausTfGaul\

Jawab : .....

48. Terangna apa tamdha-tandhane laporan sing apik kuwi ?

Jawab : .....

.....

49. Tulisen ukara ngisor iki nganggo aksara Jawa !

Pak Dhe Ahmad mara mrenges mau

Jawab : .....

50. Gambar ngisor iki critakno dadi 3 ukara wae !



Jawab : .....

.....